



FATRA AN CHIF

1. Konbyen fatra nou pwodui nan Konte Broward?

- Apeprè 5.3 milyon tòn pa ane oswa 10.6 milya liv pa ane.
- Sa reprezante anviwon 20,000 liv pa minit (yon pwa ki egal ak apeprè 15 frijidè).

2. Ki enpak kwasans popilasyon an ap genyen sou sistèm fatra nou an?

- Yo prevwa anviwon 235,000 nouvo rezidan pa ane 2040.
- Modèl Otorite a montre ke total fatra solid ap ogmante soti anviwon 5.3 milyon tòn an 2025 pou rive 7.8 milyon tòn an 2070, pandan popilasyon an ak pwodiksyon pa moun ap ogmante.

3. Konbyen nan fatra ki gen valè nou ka rekipere kounye a (detounen soti nan depo fatra ak enstalasyon transfòmasyon an enèji, sa vle di boule fatra ki pa resiklabl)?

Apeprè 62% nan fatra nou yo ta ka rekipere ak pwogram ki pwopoze nan Plan Direktè a.

4. Kisa ki genyen nan fatra nou yo?

Rezidansyèl

- Konpostab: 35%
- Resiklabl: 31%
- Potansyèlman detounab: 13%
- Pa detounab: 21%

Komèsyal

- Konpostab: 28%
- Resiklabl: 33%
- Potansyèlman detounab: 15%
- Pa detounab: 24%

5. Kijan nou ka amelyore sityasyon an?

Plan Direktè a bay priyorite a rediksyon fatra, reutilizasyon, ak resiklaj/konpostaj, olye de transfòmasyon an enèji ak jete nan depo fatra.

Chak rezidan ak chak biznis nan Konte Broward ka kontribye nan yon avni ki pi dirab lè yo diminye kantite fatra yo pwodui epi patisipe kòrèkteman nan pwogram detounman fatra ki prezante nan Plan Direktè a.